ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ХЕКІЫНЫР

АДЫГСКОЕ СОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№35 (21.943) ● 2011 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 2, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Республикэм и къэкІуэнур зыхуэдэр дэ тщыщ дэтхэнэми елъытащ

2011 гъэм мазаем и 25 - 26-хэм къэхъуа Іуэхуэм ятеуцхуауэ КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен жиІар

Иужьрей махуэхэм екІуэкІа Іуэхуэм нэрылъагъу къащІаш дэ жылагъуэм, дэ тщыщ дэтхэнэ зыми я гъащІэр къызэтракъутэну, зыкІи къемызэгъ, дунейм щызэрахьэ динхэм ящыщу зыми пымыщІа хабзэ мыхъумыщІэхэр къыдагъэщтэну экстремистхэм ялъ мурадхэр къызэрамыгъэнар. А псори сэ республикэм и районитІым террорым пэщІэтэныпмкІэ хабзэ щыпхьІэр зэрыщагъэувам пыщІауэ, а Іэмэпсымэм дытрагъэплъэкъуекІыну я мураду къызэрагъэпэщу къысфІощІ.

Республикэм щыщыІэ щытыкІэр ди нэІэм щІэтщ, сэ къарузехьэ ІэнатІэхэм я унафэщІхэм я зэІущІэ езгъэкІуэкІащ, дэ ди лъжьыгъэр зэгъэпІуауэ къызыдогъэпэщ. Кьалэм щыщыІэ щытыкІэр зэпІэзэрыпщ, Налшык сыт щыгъуи хуэдэу мамыру мэпсэу. Ауэ сэ щыхуэхэм ягу къэзгъэкІыжыну сыхуейщ ди республикэм и къэкІуэнур зыхуэдэмкІэ дэ тщыщ дэтхэнэ зыми жэуап пыухыкІа зэрихьэр. Абы къыхэкІыу псом хуэмыдэу мыхьэнэшхуэ пІэщ Къэбэрдей-Балъкъэрыр граждан зэпэщІэувэныгъэм и бзылъхьым хэзыдзэну хущІэкъу щІэпхьаджащІэхэм зэхащІыхьэм щхьэкІэ дыхэмыльэдэным.

Сэ къызгуроІуэ яджьпсту екІуэкІ Іуэхуэм цыхуэ куэд зэрызэгунгъэпыщ, ауэ аргуэру къытызогъэзэжри, терроризм щхьэ зэрахьэпхьэр Урысей Федерацэм и законхэм тетущ икІи абыхэм зэхащІыхьэр къызэпачыну зи кьалэныр хабзэхъумэ органхэрщ. НэгъуэщІ лъэныкъуэкІэ абы дыбгъэдыхьэну дыхуежьэмэ, Іуэхур нэхъри зэІыдгъэхьэнкІэ хъунущ.

Экстремизмым дыпэщІэтынымкІэ ЗЭН хуэмыдэжу иджьпсту мыхьэнэшхуэ яІэщ граждан жылагъуэ Іуэхущапхэхэм. Ди щыхуэхэр иджьри зэ кьыхуэдэжь езыхэр щыпІэхэм жылагъуэ сОветхэр къыщІэзрагъэпэщыну икІи хабзэхъумэ органхэм сыт и лъэныкъуэкІи ядэІэпыкъуну.

ИнэжьпэкІэ къапщтэмэ, щІэпхъаджащІэхэр езыхэм зыкъагъэлъэгъуэну зэрыхуейм хуэдизу лъэщкъым. Ди жылагъуэр зэрыщыту ягъэщІэуэмэ, абыхэм хэкІыпІэ лъэпкъ ягъуэтынукъым.

Республикэм законхэр къыдэзыгъэкІ и орган нэхъыщхьэм и Президиумым и зи чэзу зэІущІэр КЪБР-м и Парламентым и УнафэщІ Чеченов Ануар иригъэкІуэкІащ.

АБЫ депутатхэр щытепсэлъыхьащ «КЪБР-м цІыху куэд зыхэт Іуэхуэхэр зэрыщІагъэкІуэкІынымкІэ хъыбарегъащІэ зэрат щІыкІэм и Іуэхухэр» КЪБР-м и Законым зэхъуэжІыныгъэхэр хэлъхьэным теухауэ» законопроектым. Законодательствэмрэ къэрал хуэкІэмкІэ комитетым и унафэщІ Іэпщэ **Заур** зэрыжиІамкІэ, мы дэфтэрыр ягъэхьэзыращ КЪБР-м и Законыр «ЗэІущІэхэм, пэкІухэм, демонстрацэхэм, уэрам зэхьэхьэхэм, пикетхэм я ІуэхуэкІэ» Федеральнэ законым кьигъэув мардэхэм ирагъэзэгъэжьым мурадкІэ. ХъыбарегъащІэр къызыбгъадэкІахэм а тхыгъэм къыщагъэлъэгъуахэм, УФ-м и Конституцэм кьемызэгъ Іуэхуэхэр зэхьэхьэм кьыщІэІэтыну шэч уагъэшІ ноужь, зыхуэфащІэ органхэм зэхьэхьхьэм и къызэгъэпэщакІуэхэм икІэщІыпІэкІэ хъыбар тхыгъэкІэ ирагъащІэ, ахэр законодательствэм ебакъуэу щытмэ, жэуап ирашэлІэнкІэ зэрыхъунумкІэ.

Депутатхэр УФ-м и адрей субъектхэм я парламентархэм кьыхалъхьа жэрдэм зыбжанэм хэпІъащ икІи ахэр даІыгъащ.

КъаІэрыхьа тхыгъэхэм щыгъуазэ защІри, Президиумым хэтхэм унафэ кьащтащ Урысейм Тезырхэр ерыгьэшынымкІэ и федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу КЪБР-м щыІэм и «Район зэхуаку уголовно-гъэзэщІакІуэ инспекцэ №1» федеральнэ бюджет Іуэхущапіэм и лэжьакІуэхэу Абыдэ Алим - унафэщІ, Кучуков Мухьтар - инженер-техникэ къызэгъэпэщыныгъэмкІэ центрым и Іэщ1агъэмІ нэхъыщхьэм, Тимофеевэ Людмилэ - пенсэ ІуэхуэхэмкІэ Іэнатіэм и инспектор нэхъыжьым КЪБР-м и Парламентым и ЩІыхь тхылъ етыным теухауэ.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущапіэ.

● КЪБР-м и Парламентым и Президиумым

Мардэхэм ирагъэзэгъэж

УФ-м Налогхэмкіэ и федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу КЪБР-м щыІэм и унафэщІ Быф Руслан

УФ-м Налогхэмкіэ и федеральнэ къулыкъущІапІэм и унафэщІым и къуэдзэ Янков Кирилл республикэм щыІэ Управленэм и лэжьакІуэхэм яригъэщІыжащ а Іэнатіэм и унафэщІу ягъэувар. УФ-м Финансхэмкіэ и министерствэм 2011 гъэм мазаем и 15-м кьыдигъэкІа унафэщІ а къулыкъур хуагъэфэщащ нэхъапэм Управленэм и унафэщІым и къуэдзэу щыта Быф Руслан Жэмал и къуэм.

Быф Руслан КЪБР-м щыщ Бахьсэн районым хыхьэ Бахьсэн кьалэм 1965 гъэм жыпэгъуэм и 7-м къыщалъхьащ. ЩІэныгъэ нэхъыщхьэу тІу иІэщ: 1989 гъэм Краснодар дзэ политехникэ институтыр «инженер-технолог» Іэщ1агъэмкІэ, 1999 гъэм Кавказ Ищхьэрэ къэрал техникэ университетыр «юрист» Іэщ1агъэмкІэ къыхуаш. Экономикэ щІэныгъэхэм я кандидатщ.

1990 - 1999 гъэхэм Быф Руслан Къэббалъкъэпотребсоюзым къулыкъу зэмылІэужьыгъуэхэр щиІыгъащ, 1999 - 2001 гъэхэм «Къэбэрдей-Балъкъэр» экономикэ щІэныгъэ щхьэхуитым и администрацэм и Іэщ1агъэл нэхъыщхьэу щытащ.

Налог органэм 2001 гъэм и мэлыхьыхь мазэ лъандэрэ щолажьэ. 2001 - 2002 гъэхэм УФ-м Налогхэмрэ кьинэмыщІу кьыхах ахьшэхэмкІэ и министерствэм районэ зэхуаку мыхьэнэ зиІэ и инспекцэ №1-уэ КЪБР-м щыІэм и унафэщІу, 2002 - 2003 гъэхэм районэ зэхуаку инспекцэ №2-м и унафэщІу щытащ, 2003 гъэм щегъэжьауэ 2009 гъэм нэсыху УФ-м Налогхэмкіэ и федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу КЪБР-м щыІэм и къудамэхэм я унафэщІу лэжьащ. 2009 - 2010 гъэхэм Быф Руслан Налшык кьалэм дэт налогхэх инспекцэ №2-м и унафэщІщ, 2010 гъэм и фокІадэм щегъэжьауэ 2011 гъэм и мазаем нэсыху УФ-м Налогхэмкіэ и федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу КЪБР-м щыІэм и унафэщІым и къуэдзэу щытащ.

Быф Руслан Урысей Федерацэм къэрал граждан къулыкъумкІэ япэ класс зиІэ советникщ.

Промышленностым зэрызиужьынум топсэлъыхь

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымкІэ, связьымрэ информатизацэмкІэ и министр **Евтушенко Сергей** цыхуэ куэд кьыргъэбгъэлэгъауэ хэту иригъэкІуэкІа зэІущІэм щыхэпІащ КЪБР-м и промышленнэ комплексым 2025 гъэм нэсыху зэрызиужьыным и стратегием и проектым (министерствэм и нэІэ зытет экономикэ лэжьыгъэ лІэужьыгъуэхэм ятещІыхьауэ). Абы кьырихьэлІащ КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм, КЪБР-м и Парламентым Промышленностымкіэ, гъуэгу хозяйствэмкІэ, транспортымрэ связымкІэ и комитетым, «КЪБР-м и промышленникхэмрэ хьэрычэтыщІхэмрэ я союз» зэгухьэныгъэм и щІыналъэ кьудамэм, Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и бизнес-инкубаторым, «Телемеханика» техникэпарким я лыкІуэхэр.

Евтушенко Сергей зэрыжиІамкІэ, стратегием и проектым и мурад нэхъыщхьэр экономикэ лэжьыгъэ тэмэм, экологие шынагъэншагъэ кьызэзыгъэпэщ, сырьем кьыдэзыгъахуэ, продукцэр езыгъэфІакІуэ инновацэ лъабжьэм тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и промышленнэ комплексым зегъэужьынымкІэ зыхуеину Іэмалхэр кьызэгъэпэщынырщ. Стратегием кьигъэув кьалэнхэр гъэзэщІа хьуэ, 2010 гъэм елытауэ 2025 гъэм ди щыналъэм щащІа продукцэу яІэр хуэдэ 19-м щигъэкІэ нэхъыбэ хъунущ икІи сом мелард 105-рэ и уасэм нэблагъэнущ. Апхуэдизу ахъшэм щыщу сом мелард 43,5-р иджьпсту лажьэ Іэнатіэхэр зэрырагъэфІэкІуэным, сом мелард 61,3-р инвестицэ проектхэм ящІ. Іэнатіэхэм кьапэкІуэнущ. 2025 гъэм ирихьэлІэу лэжьапІэ Іэнатіэщ1эу мини 7,5-м щигъу кьызэІуахынущ, предприятэ инхэмрэ курыт-хэмрэ Іут дэтхэнэ зы цІыхуми продукцэу кьыщІигъэкІыр хуэди 6,2-кІэ нэхъыбэ хъунущ, икІи иту ят лэжьапщІэм хуэди 8-м щигъукІэ хэхъунущ. Промышленнэ комплексым зегъэужьыныжьмкІэ стратегиер и лъабжьэу щытыруущ «2011 - 2015 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и промышленностымкІэ и Іэнатіэхэм зегъэужьынымкІэ» республикэ программэ хэхуэу мы зэманым ягъэхьэзырым.

Стратегием кьыщыгъэлъэгъуа Іуэхугуэ я нэхъыщхьэхэр мы зэІущІэм кьрихьэлІа псоми даІыгъащ.

КЪБР-м и ПромышленностымкІэ, связьымрэ информатизацэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущапіэ.

Узыншагъэр хъумэным гулытэ егъуэт

Шэджэм, Бахьсэн районхэм демографие щытыкІэр нэрылъагъу щофІакІуэ.

БАХЬСЭН куейр кьапщтэмэ, илъэс кІуам сабий 640-рэ дунейм кьытехьащ. Ар и пэ ита илъэсым нэхьрэ 130-кІэ нэхьыбэщ. Шэджэм куейм щрагъэкІуэкІа къэпхьатэныгъэхэм кьыззэрыхъщымкІэ, ныбжь зиІэ цІыхухэр процент 15-м нэскІэ, дунейм кьытехьа сабийхэм я бжыгъэр - 12-кІэ нэхьыбэ хъущ.

Мы районхэм я администрацэхэм узыншагъэр хъумэныжьмкІэ я кьудамэхэм я щІэныгъэлІхэм щыгъуазэ дыззэращІамкІэ, Іэхур апхуэдэу зэрефІэкІуам кьежьапІэ хуэхъуахэм ящыщщ 2010 гъэм дохутырхэм, емытІысэжьхуаІэм хуэдэу, жылагъуэдэхэм я узыншагъэр зыхуэдэр нэсу кьызэрапщытар икІи абыкІэ дэІэпыкъуэгъу хуэныкъуэхэм ар и чэзум зэрагъуэтар. Диспансеризацэр щІыпІэ псоми тэмэму щегъэкІуэкІынымкІэ сэбэпышхуэ хъущ куей сымаджэщхэр иджырей Іэмэпсымэхэмкіэ хъарзынэу къызэрызэгъэпэщар.

Мы зэманым зи зэшыгъэкІэ гуныкъуэгъуэ зиІэхэм УЗИ аппаратымкІэ еплъыну Іэмал яІэщ. Апхуэдэу куей сымаджэщхэм Іэмэпсымэ гъуэтыгъуейхэр кьаІэрыхьащ икІи абыкІэ я фІыгъэкІэ я Іуэхур нэхъ зэпэщІуауэ. Узыфэ зэрыщІапІэкъуэм зэрапщІэт вакцинэхэр мы куейхэм щыпсэухэм ирахьэлІащ, я ныбжь емылъытауэ. Псом хуэмыдэу дохутырхэм я нэІэ трагъэт сабий унэхэм щапІ ныбжьыщІэхэм, адэ-анэ зыщІхьэщымытыжхэм. Цыхубэм я узыншагъэр хъумэным ехьэлІа лэжьыгъэхэр мы щІыналъэхэм мы гъэмэ ткІийуэ я кьрахьэлІэнущ.

ЖАНХЪУЭ Зуэ.

Фадэхэкіхэр зэрызэблагъэкІыр къапщытэ

● Политикэ партхэм

«Урысей зэкъуэт» партым и кІэлъыплъакІуэхэм хабзэхъумэ органхэм я лыкІуэхэмрэ республикэм и щхьэхэ хъыбарегъащІэ Іуэхущапіэхэм я лэжьакІуэхэмрэ ящІыгъуу къапщытащ балигъ мыхьуахэм фадэхэкІхэр иращэну зэрыхуимытым теухуа законыр Налшык кьалэм и тыкуэнхэм зэрыщагъэзащІэр. КъэпщытакІуэхэр нэхъыбэу здэщыІар едкапІэхэм я пэгъунэгъу тыкуэнхэрщ. Къэпщытэныгъэр щрагъэкІуэкІым фадэхэкІэмрэ тутынхэмрэ балигъ мыхьуахэм иращауэ тІэунейрэ сэтей кьащІащ икІи абыхэм ятеуху протоколхэр яткащ.

Къэпщытэныгъэм кьрикІуахэм щытепсэлъыхьыжьым, партым и щІыналъэ политсоветым хэт, гъэзэщІакІуэ комитетым и унафэщІ Дядченкэ Владислав жиІащ балигъ мыхьуахэм фадэхэкІэр иращэну хуит зымыщІ законыр ди деж ипэжьыпэкІэ зэрыщамыгъэзащІэр.

Мы законым тету мылажьэ сатуущІэкэ Административнэ кьуанщагъэхэмкІэ кодексым ипкъ иткІэ жэуапым ирашалІэ хъунущ. Дызэрыщыгуаззэщи, гъэ кІуам и щэкІуэгъуэм «Урысей зэкъуэт» партым и тхьэмадэ Путин Владимир жиІауэ щытащ балигъ мыхьуахэм фадэхэкІэр зэрыращэм папщІэ яхь жэуапыр игъэткІиину Правительствэм зэримурадыр, уеблэмэ апхуэдэ хабзэшагъэхэр зыпэжьжьэр уголовнэ жэуапым ирашэлІэнкІэ зэрыхъунур.

Къэрал Думэм щыІэ «Урысей зэкъуэт» фракцэм щыщ депутатхэм я жэрдэмкІэ ягъэхьэзыра законопроектым кьыщыгъэлъэгъуащ фадэхэкІэмрэ тутынымрэ балигъ мыхьуахэм езыщІэхэр уголовнэ жэуапым ешэлІэн хэтыну. Кьуанщэхэм сом мин 40-м нэскІэ етхьэкъункІэ хьунущ, уеблэмэ ахэр сатуу Іуэхум пльэситІым нэскІэ хэтыну хуимыту судым унафэ кьищтэфынущ.

ШУРДЫМ Мадинэ.

Темрезов Рашид президенту ягъэув

КЪЭРЭСШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий къыхилъхьа кандидатурэр Парламентым зэдзэрэзыуэ дыдыгъащ икІи республикэм и унафэщІым щІэуэ ягъэуващ.*

КЪЭРЭСШЕЙ-Шэрджэсым и тхьэмадэ къулыкъур дзыхь хуащІащ илъэс 55-рэ зи ныбжь Темрезов Рашид. А къулыкъум пэрыта Збзеев Борис езым и лъэІукІэ Медведев Дмитрий Іуигъэкіащ.

Трактор 42-рэ

АДЫГЕЙ. *ИлъэситІ хъуауэ республикэм кьещхъу къэрал, муниципалныэ ІэнатІэхэр зыхуэныкъуэ коммуналнэ, техникэ Іэмэпсымэхэр. Ар зыгъэгъэхь федеральнэ, республикэ бюджетхэм я мылъкуцІэ. Пджьблагъэ Правительствэм и утым деж республикэм и муниципалитетхэм хуагуэшащ сом мелуан 20 и уасэ трактор 42-рэ.*

- МЫ ІУЭХУГЪУЭР гъэзэщІакІуэ, хабзэгъэзыв властхэр зэрызэдэлажьэм и щапхъэщ. Псори зэхэту иІэситІым сом мелуани 133-рэ и уасэ техникэ 151-рэ кьэтщэхуащ. Абы текІуэда мылькум щыщу сом мелуан 93-р федеральнэ бюджетым кьыхэкІащ, адрей мелуан 40-р республикэм дыщІигъуащ, - жиІащ президент Тхъэкіумащэ Аслъэнджэрий.

УЭРДЫКЪУЭ Женя.

«КЪБР-м и Муниципальнэ щІыналъэхэм я зэгухьэныгъэм и совет» ассоциацэм и правленэм (АСМО) и унафэщІ Пэнагуэ Максим а Іуэхущапіэм и зэІущІэ Прохладнэ къалэм щригъэкІуэкІащ. Абы хэтащ Къабардей-Балъкъэрым и Президентым и Администрацэм и тхьэмадэм и къуэдзэхэу Власов Александр. Къанаев Мурад, министерствэхэм я лыкІуэхэр. КЪБР-м и АСМО-м и правленэм щыщхэр, республикэм и муниципальнэ щІыналъэхэм я администрацэхэм и Іэтащхьэхэр, муниципальнэ ІэнатІэхэмрэ организацэхэмрэ я унафэщІхэр.

ЗЭХЫХЬЭМ щызэпкърахащ властым и муниципальнэ органхэм я лажьыгъэ финансКІэ кьызэрэзагъэпэщ законодательствэр зэкІэлъыгъэкІуэным екъэлІа Іуэхугуэхэр. КЪБР-м и Парламентым и комитетым и унафэщІ **Ахъуэхъу Кьанщобий** зэрыжиІамкІэ, Федеральнэ закон №83-м зэхъуэжьмыныгъэхэр зэригъуэтам кьыхэкІыу, щІыпІэ самоуправленэмкІэ Іэнатіэхэм 2011 гъэм гъатхэпэм и 1 пщІондэ муниципальнэ предприятэхэм я кьызэгъэпэщыныгъэ-правовой статусыр зыхуэдэр ягъэбелджылыуэ, 2011 гъэм накьыгъэм и 1-м фІэмыкІыу, ягъэува пІалъэм кьитІасэу учредительнэ тхылъхэр законым ирагъэзэгъын хуейщ. Я Іуэхутхьэзэхэм кьиубыдым, я фІэІабыдэ я щытыкІэмрэ ельытауэ, бюджет предприятэхэмрэ организацэхэмрэ хуитщ нобэрей хабзэщІэхэм кьызэрагъэувым хуэдэу «я бюджет статусыр» «кІэзонэу» е «щхьэхуэу» зэрахъэкІыну.

Я Іуэху елтыкІэхэмкІэ щызэхъуажэм, КЪБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр **Щхьэгъэпсо Сэфарбий** кьыхилъэсащІ. 83-нэ Федеральнэ закон гъэзэщІэн щІадзэмэ, финанс мылъкур нэхъ фейдэ пылъу кьаззэрыхуэгъэсэбэныжу. «Интернатхэм хьыхь еджапІэхэр кІэзонэу кьалъытэу лажьэмэ, сабий гъэсапІэхэмрэ щхьэхуэу щІэныгъэ щрагъэгъуэтхэмрэ автоном статусхэм хуэкІуэу я сэбэп зыхэлъ Іуэхутхьэбзэ пыухыкІахэр зэфІагъэкІыфынуц», - кьитгъэлъэгъащ абы. Прохладнэ къалэ округым и муниципалитетым и Іэтащхьэ **Пархоменкэ Юлие** кьытеувыІащ щІыпІэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхуэхэр зэфІэхыным бюджетым щымыщ мылъку кьызэрыхуагъуэт щІыкІэм. Абы зэрыжиІамкІэ, кьалэм и хьэрычэтыщІэхэр илъэс кІуам сом мелуани 10-рэ мин 374,8-кІэ ядэІэпыкъуащ.

Щхьэлыкъуэ кьуажэ администрацэм и унафэщІ **Къэныжь Хьэчим** кьыгъэзэгъащІэ зэманым щІэныгъэхэр зэрыгъуэгурыкІуэ жылагъуэхэм щызэфІэгъэкІынымкІэ щІыпІэ властхэмрэ хьэрычэтыщІэхэмрэ жьыджэру зэрызэдзэлажьэфынур икІи щІэпхъэуэ кІыжьащ сом мы мелуанрэ мин 19,5-кІэ нэгъабэ зэрызыкъщІагъэкъуар.

КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ Щ1ыхуэхэм зэрызыхуагъазэхэм щызэхэлъэ жылагъуэ егъэблагъэпІэм и унафэщІ **Щоджэн Щыхьым** «УФ-м и щІыхуэхэм я зэрызыхуагъазэхэм зэрыхэлъэ щІыкІэм и Іуэхукіэ» Федеральнэ законым кьигъэувхэр фІэкІыпІэншэу ягъэзэщІэн зэрыхуейр зэхуэсхэсэм яІэ щІыгъэкІыжри, абы и лъэныкъуэкІэ ядэІэпыкъуну зэрыхьэзыпыр кьыхигъащІ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президентым и Администрацэм и УнафэщІым и къуэдзэ **Ксанаев Мурад** муниципальнэ щІыналъэхэм я Іэтащхьэхэм чэнджэщ яритащ республикэм и Президентымрэ Правительствэмрэ ящІа пщэрылъхэр зэграгъэзащІэм тхьэмахуэ зэхуаку кьэс хэпІъэнным хуэкІуэнхэу Пщэрылъхэр зэрызэфІагъэкІым ткІийуэ кІэлъыплъыну кьыщІагъэувыр ахэр зэфІэхыным хуэзэну финанс мылъкур бюджетхэр щыгубзыхухкІэ, инвестицэ программэхэр, программэ хохьэкІэ щагъэхьэзыркІэ кьалъытэн зэрыхуейр.

ПАНФИЛЕНКЭ Людмилэ.

● Налшык къалэ

Шынагъэншагъэр япэ ирагъэщ

КЪБР-м Транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министерствэмрэ Налшык и щІыпІэ администрацэмрэ кьалэм и автовокзалэхэм шынагъэншагъэр кьыщыгъэгъэпэщыным махуэ кьэс зэгъэуцэу иолэжь.

ИРАГЪЭКІУЭКІ Іуэхугъуэхэм я фІыгъэкІэ, автовокзал №2-м и цІыху итІысхьэпІэхэм щагъэув транспортым я бжыгъэр хэпщІыкІыу ягъэмэщІащ. Сыту жыпІэмэ, абыхэм автобус куэд зэрыщызэтрихьэр транспорт шынагъэншагъэм кьитгъэувхэм кьезэгъыркъым. Кьащта чанфэм ипкъ иткІэ, цІыхухэр ирагъэкІын икІи ирагъэтІысхьэн папщІэ, транспортыр автовокзалым зэрытрагъэхьэнчр графикКІэ зэраубзыхуам тетущ. АпщІондэхукІэ ахэр щІыпІэхэкам я чэзум щыпІэплъэнущ.

Апхуэдэ Іуэхуэхэм сэбэпу пылъым икІи а лъэкъыгъэ дэпэкІи зэрырагъэфІэкІуэным теухуауэ щытащ Налшык кьалэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ Кладько Игорь, автотранспорт предприятэхэм я унафэщІхэр хэту КЪБР-м транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министр Сунш Ануарбий иджьблагъэ иригъэкІуэкІа зэІущІэр.

Абы къыщыхалъхьахэм ящыщщ къызэрыраш1эКІ транспортым хуэзэфІэкІыр нэгъэсауэ яубзыхуэн мурадкІэ, ар къэзыгъэсбэн щІыхуэхэм я бжыгъэр зэрыхъэр зэгъэщІэныр.

КЪБР-м Транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущапіэ.

● ЗэІущІэхэр

Хабзэщ1эм къызэригъэувым хуэдэу

«ЛІэзонэу» е «щхьэхуэу» зэрарагъэкІ

Я Іуэху елтыкІэхэмкІэ щызэхъуажэм, КЪБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр **Щхьэгъэпсо Сэфарбий** кьыхилъэсащІ. 83-нэ Федеральнэ закон гъэзэщІэн щІадзэмэ, финанс мылъкур нэхъ фейдэ пылъу кьаззэрыхуэгъэсэбэныжу. «Интернатхэм хьыхь еджапІэхэр кІэзонэу кьалъытэу лажьэмэ, сабий гъэсапІэхэмрэ щхьэхуэу щІэныгъэ щрагъэгъуэтхэмрэ автоном статусхэм хуэкІуэу я сэбэп зыхэлъ Іуэхутхьэбзэ пыухыкІахэр зэфІагъэкІыфынуц», - кьитгъэлъэгъащ абы. Прохладнэ къалэ округым и муниципалитетым и Іэтащхьэ **Пархоменкэ Юлие** кьытеувыІащ щІыпІэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхуэхэр зэфІэхыным бюджетым щымыщ мылъку кьызэрыхуагъуэт щІыкІэм. Абы зэрыжиІамкІэ, кьалэм и хьэрычэтыщІэхэр илъэс кІуам сом мелуани 10-рэ мин 374,8-кІэ ядэІэпыкъуащ.

Щхьэлыкъуэ кьуажэ администрацэм и унафэщІ **Къэныжь Хьэчим** кьыгъэзэгъащІэ зэманым щІэныгъэхэр зэрыгъуэгурыкІуэ жылагъуэхэм щызэфІэгъэкІынымкІэ щІыпІэ властхэмрэ хьэрычэтыщІэхэмрэ жьыджэру зэрызэдзэлажьэфынур икІи щІэпхъэуэ кІыжьащ сом мы мелуанрэ мин 19,5-кІэ нэгъабэ зэрызыкъщІагъэкъуар.

КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ Щ1ыхуэхэм зэрызыхуагъазэхэм щызэхэлъэ жылагъуэ егъэблагъэпІэм и унафэщІ **Щоджэн Щыхьым** «УФ-м и щІыхуэхэм я зэрызыхуагъазэхэм зэрыхэлъэ щІыкІэм и Іуэхукіэ» Федеральнэ законым кьигъэувхэр фІэкІыпІэншэу ягъэзэщІэн зэрыхуейр зэхуэсхэсэм яІэ щІыгъэкІыжри, абы и лъэныкъуэкІэ ядэІэпыкъуну зэрыхьэзыпыр кьыхигъащІ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президентым и Администрацэм и УнафэщІым и къуэдзэ **Ксанаев Мурад** муниципальнэ щІыналъэхэм я Іэтащхьэхэм чэнджэщ яритащ республикэм и Президентымрэ Правительствэмрэ ящІа пщэрылъхэр зэрагъэзащІэм тхьэмахуэ зэхуаку кьэс хэпІъэнным хуэкІуэнхэу Пщэрылъхэр зэрызэфІагъэкІым ткІийуэ кІэлъыплъыну кьыщІагъэувыр ахэр зэфІэхыным хуэзэну финанс мылъкур бюджетхэр щыгубзыхухкІэ, инвестицэ программэхэр, программэ хохьэкІэ щагъэхьэзыркІэ кьалъытэн зэрыхуейр.

ПАНФИЛЕНКЭ Людмилэ.

Штат щхьэхуэ хуейуэ

«NDTV» телеканалым кьызэрритымкІэ, дыгъуасэ зыкъзэІуІэта цІыху гуным зэхуэщІан Индием и Андхра-Прандеш штатым щыІэ гъуэгу гъэзэгр.

Абыхэм яукъуэдий Теланган штатыщІэ властым кьызэригъэпэщын хуейуэ.

Гъуэгу гъэзэгр щызэхуащІаш Хайдарабад къалэм и Іэгъуэблагъэмрэ иджыри Андхра-Прадеш и куейуэ бгъэмрэ. Зыхуейр зыщ: Андхра-Прадеш штатым Теленган щІыналъэр кьыгуэгъэщхьэхуэкІауэ, штатыщІэ кьызэгъэпэщыныр.

Къуажэдэсхэр зэрыщагъуэзу, я Іэщхэри ящІыгъуу, гъуэгу гъэзэгм щызэхэтІыкъхь, абдежьми щопщафІэ, щІэх зэбгрыкІыжыну мурад зэрамыІэр ягъэльагъуэу.

«Уэгум и жыг»

ИльэситІ хъуауэ Токио щауху «Уэгум и жыг» телечыщаным и лъагагъыр дыгъуасэ метр 600-м щІигъуащ.

Иджы ар дуней псом щызэхъ щІагъ, ар щхьэпрыкІащ Китайм и Гуанчжоу щыІэ телечыщанэм.

ИтІани, ар дунейм и уэуснытъэ нэхъ лъагэкъым - Дубаи щыІэ «Хъалиф и Бурдж» унэ зэтетыр яІэтащ метр 828-кІэ. Абы кьыкІэлъыкІуэ «К�УЛТУ» телемачтэр. Ар Дакет Ищхьэрэм щыІэщ, метр 628,8-рэ и лъагагъ.

«Уэгум и жыг» телечыщанэр ухуэн яухмэ (иджыри зы чэщщ щІыхьэхэр кьыгуэгъэщхьэхуэкІауэ, штатыщІэ кьызэгъэпэщыныр.

Къуажэдэсхэр зэрыщагъуэзу, я Іэщхэри ящІыгъуу, гъуэгу гъэзэгм щызэхэтІыкъхь, абдежьми щопщафІэ, щІэх зэбгрыкІыжыну мурад зэрамыІэр ягъэльагъуэу.

Танк 30

Тхьэмахуэ зыбжанэ хъуауэ къыгуэ зэдыщІэ Бахьрейным танк 30 къыІорыхьащ Саудей Хьэрщым кьикІыу.

Абы зыкъыщызыІэта цІыхухэр хуейщ я правительствэр текІыну.

Бахьрейным зыкъыщызыІэтахэмрэ полицэмрэ зэкъым зэрызэжьэхуар, - уэрамыщхьэм щекІуэкІа зэхуэхэм цІыхухэм хэкІуэдащ, щэ бжыгъэхэр уІэгъэщ.

Тхьэмахуэм екІуэкІа пэкІухэм щызэхуащІэсащ цІыху миниплІ бжыгъэхэр, абыхэм зэхуащІащ Бахьрейн и кьалащхьэм и уэрам нэхъыщхьэ псори.



♦Ильэси 3 и пэкІэ Медведев Дмитрий Урысей Федерацэм и Президенту хахащ. Ар а къулыкъум пэрыуащ 2008 гъэм накьыгъэм и 7-м.

♦1956 гъэм Париж Іэ щыщІадзащ Марокко-Франджы декларацэм. Абы ипкъ иткІэ, Франджым Марокко къэрал щхьэхуитІу кьылытащ.

♦1986 гъэм Индкьылыбэм и пащтыхь гуащ Елизабет II Іэ щІидзащ Австралием и актым.

Апхуэдэ щыкІэжІэ а къэралым Инджылызым щыІыгъа тепщэныгъэм юридическэу кІэ игъуэтри, къэрал щхьэхуит хъуащ.

♦1563 гъэм кьалъхуащ Грозный Иванро ИдарІ ГащІанэрэ (Мариерэ) я кьуэ Василий. Ар илъэсищ иримыкьыщ зэрыпсуар.

♦1920 гъэм кьалъхуащ адыгэхэм кьахэкІауэ ягъэ дыдэу Совет Союзым и Лыхъужь хъуа усакІуэ Андырхъуей Хьусен. 1941 гъэм Хэку зауэшхуэм хэкІуэдащ.

Дунейм и щытыкІэнур:

♦ «meteonovosti.ru» сайтым кьызэритымкІэ, нобэ Налшык пшэ тельынущ, кьешх-кьес щыІэнукъым. Махуэм 0 градусым, жэщым щыІэр градуси 2-м нэс ехынущ.

Ильэситіэ зыльэхуэзыр ГЪУНІО Зарифи.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Зэхэпх псори пэжкъым, жаІэ псори къэхъуркъым.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Наркотикэм ятпэщIэтынымкIэ и комиссэм, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым 2007 гъэм щэкIуэгъуэм и 16-м кыдигъэкIа Указ №85-УП-мкIэ кыщIам, зэхъуэжIныгъэхэр хэлъхьным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Наркотикэм ятпэщIэтынымкIэ и комиссэм, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Наркотикэм ятпэщIэтынымкIэ и комиссэм теухуау» 2007 гъэм щэкIуэгъуэм и 16-м кыдигъэкIа Указ №85-УП-мкIэ кыщIам, мы кыкIэлыкIыу зэхъуэкIныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Комиссэм хэгъэхьэн мы кыкIэлыкIуэхэр:

Амшокъуэ Ф. Къ. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм ухыншагъэр хъумэнымкIэ и министр

Васильев С. В. - къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министру Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэр *(эгъуэрыIуау)*

Кменный С. Л. - Урысей Федерацэм Шынагъэшнагъэмкlэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр *(эгъуэрыIуау)*

КIуэкIуэ М. В.- Тенирхэр егъэшIынымкIэ федеральнэ къулыкъушIапIэм и Управленэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр *(эгъуэрыIуау);*

б) Бесчокъуэ А. Ш. и кыулыкъым зэредэжр мы кыкIэлыкIэм хуэдэу кхъыдж: «Федеральнэ таможнэ къулыкъушIапIэм и Кавказ Ищхьэрэ таможнэ управленэм и Минеральнэ водскэ таможнэм и Къэбэрдей-Балькъэр таможнэ ЕнатIэм и унафэщIыр»;

в) Вербицкий А. И. и къулыкъым зэредэжр мы кыкIэлыкIуэм хуэдэу кхъыдж: «Урысей Федерацэм и Транспортнадзор щыIэм и унафэщIыр *(эгъуэрыIуау)*

г) Жамборэ В. С. и кулыкъым зэредэжр мы кыкIэлыкIуэм хуэдэу кхъыдж: «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и Унафэщlыр»;

д) Пащты Б. С. и кулыкъым зэредэжр мы кыкIэлыкIуэм хуэдэу кхъыдж: «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щIалэгъуалэм я Iуэхухэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлIэжьныкIэ и министрыр»;

е) Устэ В. Хь. и кулыкъым зэредэжр мы кыкIэлыкIуэм хуэдэу кхъыдж: «Урысей Федерацэм Следственнэ комитетым Следственкlэ и управленэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр *(эгъуэрыIуау);*

ж) Комиссэм кыхэгъэкIыжын Бицу В. Г., Сердюк В. А., Томчак Ю. И. сымэ.

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2011 гъэм мазаем и 25-м
№21-УП

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Электроэнергетикэм зыщегъэжьыныкIэ зэзыгъэIу советым, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым 2007 гъэм бадзэуэгъуэм и 16-м кыдигъэкIа Указ №46-УП-мкIэ кыщIам, зэхъуэжIныгъэхэр хэлъхьным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Электроэнергетикэм зыщегъэжьыныкIэ зэзыгъэIу советым, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Электроэнергетикэм зыщегъэжьыныкIэ зэзыгъэIу советым теухуауэ» 2007 гъэм бадзэуэгъуэм и 16-м кыдигъэкIа Указ №46-УП-мкIэ кыщIам, мы кыкIэлыкIуэ зэхъуэкIныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Советым хэгъэхьэн мы кыкIэлыкIэхэр:

Гончаров А. А. - «Кавказ Ищхьэрэм электрокъарур тезыгъашэ и щIыналъэ зэхуаку сетевой компание» акционер обществэ зэIуахам техникмкIэ и директорыр *(эгъуэрыIуау)*

Дзхъушокъуэ А. И. - «Къэббалъкъэнергэ» акционер обществэ зэIуахам и управляющэ унафэщIыр *(эгъуэрыIуау)*

Къэр А. М. - «Телемеханика» акционер обществэ зэIуахам и генеральнэ директорыр *(эгъуэрыIуау)*

Камарзаев Э. А. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Тарифхэмкlэ и къэрал комитетым гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексым и предприятэхэм я лэжьыгъэ зэгъэуIунымрэ энергиер къыдэгъэхуэнымкIэ и къудамэм и унафэщIыр

Къэрэн Л. Хь. - Экологие, технологие, атомкIэ лIыплIыныгъэмкIэ федеральнэ къулыкъушIапIэм и Кавказ Курыт управленэм и унафэщIым и къудамэм и кьалнэжь зыгъэзащIэр *(эгъуэрыIуау)*

Къультырбей Хь. М. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм ухэуныгъэмкIэ, архитектурэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министрыр

Отаров Къ. М. - «Гидроэнергие къэзылэжь федеральнэ компание» акционер обществэ зэIуахам и « Къэбэрдей-Балькъэр Iуэхущ1апI9» къудамэм и унафэщIыр *(эгъуэрыIуау)*

Соттаев А. А. - «Гидроэнергие къэзылэжь федеральнэ компание» акционер обществэ зэIуахам Кавказ Ищхьэрэм и и управленэм и унафэщIым и къудамэм и чэнджэщагъэр *(эгъуэрыIуау);*

б) Тонконог А. Ю. и къулыкъым зэредэжр мы кыкIэлыкIуэм хуэдэу кхъыдж: «Налшык къалэ электросеть компание» акционер обществэ зэIуахам и инженер нэхъыщхьэр *(эгъуэрыIуау)»;*

в) Хъэгъэс З. А. и кулыкъым зэредэжр мы кыкIэлыкIуэм хуэдэу кхъыдж: «Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэр *(эгъуэрыIуау)»;*

г) Советым и секретарым и кьалнэжр и пщэ ильхьэн Уэлджыр Ж. Хь. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Тарифхэмкlэ и къэрал комитетым и унафэщIым;

д) Советым кыхэгъэкIыжын Абрэдж А. Хь., Горевэ Е. И., Редькиндэ Е. Л. сымэ.

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2011 гъэм щIышIулэм и 25-м
№22-УП

● Ди нэхъыжьыфIэхэр

Гугъуехьым ипсыхьа нанэ

Щыхъу гъашIэр пльыфэбзщ, куэдыкIейуэ зэхэльщ. А гъуэгуанэм, ар зыпэмыльэщыну къыфIэщI гугъуехьхэмэ, дуней гуфIэгъуэр кьезыт Iуэхугъуэхэми, мылу псэр зыгъэдий гуэзгъэгъуэ зэми щрохьэлIэ. Ауэ, зэрыжаIэу, пхуэмышэчыж Алыхым кьыптрилхъэркъым, щыхъуи игуми и фэми гугъуехь Iэджи дгъуэ. Уебгэмэ г гугъуехьм, бэлыхьм, г гъэвгъуэм япсыхьауэ, кьиэзэфIэмыщIэу, сыт х уэдэ гъуэнэ зуныгъэми нэхь пкъы быдэ щIауэ, и ерыщагъым хэхъуауэ адэжь зэрыкIуэтэнум и гущIэри и кьарури ирехьэлI.

МИС апхуэдэ гугъуехь инги гъашIэ гъуэгуанэм щишэчыж мы тхыгъэр зытеухуа, Новэ Хьэмидей кьуажэм щыпсэу, зи ныбжьыр илъэс 80-м щигъуэ Борий (Дзэгъашэт) Камсир. Абы балигъыпIэм имыубэ щыкIэ зыхэчIащ мэжэщIалIэгъэри, кьулейсызыгъэри, сабийм и гуащIэм дэмыхуэным хуэдиз лэжьыгъэ хьэлъэри. И адэ Мам зэрыныкьуэдыкьуэм, и анэм и закьуэ зэрыкуэзэфIэмыкIым Iэмэлыншагъэкlэ ирихухIэри, бынунэм я нэхьыжь хьыджэбз щыкIур балигъ мыхьуами, гуащIэдэкI ЕнатIэ гугъуем пэрыувац. Адрей нэхьыщIэхэр иджыри кьэжэпхъатэкъыми, нэхьыбэу унагъуэр зыщыгугъыр Камсир кьилэжьырт. Ауэрэ зауэжьыр кьэхъейри, нэмыщIэхэр кьуажэм кьыдыхьащ. Зэман дэкIыу зэпхпхуакIуэхэр дахужа нэужь, Камсир и еджэным пищэжащ.

- Нэмыщхэр кьуажэм щыдэкам, - ягу кьеГъэкIыж Камсир, - балигъри сабийри дыхэхуауэ,сри, Iэрчыпс тель брамым хуэкIуэ гъуэгуэм мывэ пшахьуэ трыдагъэкIут а: Зыдгъэпсжуну дытыбсамэ, полицайр кьэсыртри, кьыптхэуэрэ зэжьыгъэм дыпэрихуэжырт.

Нанэм зэрыжиIэжьымкIэ, езыр псом нэхьрэ нэхьыщIэти, и лэжьэгъуэм гугъуехьыр щIхьэщахьну хэтт; ауэ езыри адрейхэм зэрызакьыдэримыгъэхунри хуIщIэкъурт. Нэмыцхэр кьуажэм дахужу хуит кьащIыжкIа щхьэкIэ, апхуэдизкIэ хьэщхьэрыIуэдзэр зэрыдгъэса зэман мащIэм ар фаджэ ящIати, уней льапсэри, колхоз лэжьыгъэри, псори щIэрыщIэу зэгъэзэщIыжын хуей хьауац. Цыхухьхуэр иджыри зауэм кьикIыжкатэкIыми, лэжьыгъэ псори лIыжь-фызыжьыкIэмрэ сабийхэмрэ я пщ1ыдджэу зрт. А зэманым и хьэлъагъэпу щытар зи нэгу щIэкIаxэм фIыуэ ящIэж. Лэжьыгъэ псори Iэпщэ кьарукIэ ягъэзащIэрт, техникэ кьах уэнатэкьыми выкIэ вэхэр т, ар зыхуримыкьым жэм щишIэрт.

Зауэ нэужькьи топщIэхэм зэхавыхьа гъавэ щIапIэхэр кьыхагъэкъэбзыкIыкурэ явэрт, ясэрт. МэжэщIалагъэм цыхур иубыдати, пшхы хьууэ щыIэр кьалъыхьуэрт. Гъавэр Iуахьыка нэужь, губгъуэм кьинна щхьэмыж зырызхэр, нартыху кIэчанхэр кьащIупрэ, сабийхэм унэм ячыурт. Зы махуэ гуэрым, нартыхур кьызыдчыжа хьэсэм Камсирр и ныбжьэгъу цыкIухэмрэ кIуат. КьащIыпаи щымыIэу, хьэсэпхъэупэр кьэсри, кьамышыкIэ кьахэуэгъэ кьыхихужащ. Аущ сытыр и Iэмалт? ГъащIэ залым Iейт.

Цыхур гугъуехьым игъалIэркъым жаIэ. Сабийм ищIэри, балигъым илэжьынри, цыхуфбз кьалэнри зи фэм дэкI хьыджэбзым унагъуэ Iуэхуэрри тэмэму игъэтэрэзыгъэт. Унэльапсэр кьабзэлъабзэ у зэрихьэрт, пщэфIэнми хэзагъэрт, и Iэбэкэмри гур игъэзагъэрт. Ар зыльагъу адэ-анэми я лъэр щIгъэкIырт, гушхуэныгъри кьахихльхэрт икIи сытми хэзагъэу кьэтэдж я пхъум щыгуфIыкIырт. БалигъыпIэм зэрыжэсарэ кьыщыгурыIуар я кьуажэ щIалэ Борий Борис кьыльхьуа нэужьщ.

Дзэгъащэхи хуэдэу, Борисри кьызыхэкIа унагъуэр лэжьакIэжькъ, езыри зыхэмызагъэрэ зыхуэмыIэжкIуэкIыуэрэ щIэтэхьым. А псом фIыуэ щIыгъуаэ адэ-анэм я арэзыныгъэкIэ мы тIум унагъуэщIэ яухуац, бын дыгъэли эдэгъу щIэт.

Абы щыгъуэ кьэхьуа гъаблэм кьелын щхьэкIэ, Камсир сыт хуэдэ лэжьыгъэми пэрувэрт. Мэкъу ауэгъуэм гектар бжьгъэ кьыхуагъэшыртри, ар ямыгъээщIэныр Iэмалынщэт. Камсири и Iыхьэр кьратат. А зэманым зы гектар пщIэ-мэ, нартыху килограмм кьыпэкIуэу ар, Камсир кьыгурыIуэрт махуэм гектар зэрыхупымыпущынур, ауэ тхьэусыхэр зыщIегъэхи хэмыту зэрыхьум и щIэзу хигъэщIыр т. Абы кьыхэкIыу, и адэ Мам ныкьуэдыкьуэми, и пхъум гугъуехьыр щигъэжщIэн папщIэ, жэщым зыми ямыльагъуу кIуэурэ мэкъу хуеуэрт. Пытхэ хуэдэ губгъуэм ихьамэ, лэжьыгъэр зэфIамыгъэкIауэ и унэ щекIуэлIэж щыIэхэмэ. Нэхъыжьыуэхэм кьищынэмыщIа, сабий цыкIу зиIэхэри губгъуэм дахурт. Я бынхэр мащIэ кьэтIам ису гъэыхэр лэжьыгъэм пэрытт.

Хьэмидей кьуажэм щыIэхэт колхозым хэкIыу унагъуэщIэр Пенькозаводым Iэпхъуэн хуей щIэхуэр лэжьапщIэ кьыхэзэрамытыр, трудоденьм зэрыкъ у эмыпсэуэкIыфыр арат. Iэнатlэщ1эм кьыпэкIуэ лэжьапщIэр мащIэми, мазэ кьэс пыухькIауэ улахуэ кьэIэрыкъэт. ЩIэпIм елэжь завод щыкIым и лэжьакIуэхэр куэд мыхъуми, гуп зэкъуэтым Iуэхуэгъэ зэдагъэпсынщIэрт. Апхуэдизу илъэс 20-м щигъуэкIэ абы щыIэжьауэ, я бынхэри кьыдэкIуэтеиуэ, Борийхэ я унагъуэр Новэ Хьэмидей кьуажэм щыIэ мэл лъэпкьыфIщагъэхьу совхозым Iэпхъуащ. А гъэ дыдэм мэл пщыIэхэм Iусыпхъэ яхуэзышэ машинэм дэсым и дэIэпыкъуэгъуу лэжьэн щIидзащ Камсир, кьэпхэр ирилхьэу, мэл пщыIэм нэсмэ кьрихьэу кхъуафэхэм яхудикIуту. Тъэ псом и кIыькъагькIэ Iусыпхъэхэр щIэпщIэхэм щынамыгъэ кьыхэхэуэгъэнри. Абы папщIи фIыщIэ куэд совхоз унафэщIхэм кьыхуащIащ, ахьшэ саугъэтхэри кьратащ.

И ныбжьыр нэблагъэу пенсэм кIуа нэужьи, илъэсиплIкIэ лэжьыгъэ хьэлъэр ирихьэкIащ. Камсир зэи Iуэхунэ хьакъым - уней хадэр зэрихьащ, Iэщым яхэтащ, унагъуэ кьалэнри зыхуей хуэзэу ирихьэкIащ. А псомкIи дэIэпыкъуэгъуфIу иIа и щхьэгъусэр дунейм ехьжа нэужь, Камсир и лъэр щIэхуащ, гъащIэми кьыхихужащ. Дауи, и ныбжь э зкIыгъэмри щыкьритъащIэрт.

Борий Камсир и гуащIэдэкIым кьыпэкIуахэм и бынхэри абыхэм кьалъхужахэри ирогушхуэ. Абы и пщIэр кьэралми кьыпытэу «Лъэныгъэм и ветеран», «ТекIуэныгъэр илъэс 55-рэ щрикъум», «ТекIуэныгъэр илъэс 60 щрикъум» медалхэмрэ щыгтхъу тхыльхэмрэ кьратащ.

Нобэ зэман мытащыым дыщIопсэ у, ауэ гугъу ехьымрэ лэжьыгъэмрэ япсыхьа Камсир дежкIэ ар шыгъунэгъэжьым икIи мы дунейр сыт хуэдэу зэхэзэхьэрыхьами, зэгурэ псори и пIэм зэрриувэжьыну и фIыщ мэхъу. Мылькушхуэ бгъэдэмыльмэ, нанэ Iумахуэр бейщ - бын гумащIэхэмрэ абыхэм кьащIэхьуэ щIэблэ узыншэмрэ я гулыкIэ Iэфым кьару ин кьыхалъхьэ. Мэпсэу и лъэм кьрихьэкIыу, гъунэгъ уэми Iыхьлъхэми яхуэ умащIэу. Зи ныбжьр илъэс 80-м щигъуэ Камсир дохьуэхьу и гъащIэм кьыхупищэрэ и узышащагъэм кIэрымысу уу, я унагъуэ жьэг ур гурэ псэкIэ яхуиГъэхуабэу и бынхэмрэ абыхэм я щIэблэхэмрэ илъэс куэдкIэ иджыри ящкьэщытыну.

ДЭЦЫРХЪУЕЙ Мусэрбий.
Тэрч куей,
Новэ Хьэмидей кьуажэ.

КъБР-м и Оперативнэ штабым къет

Террорым пэщIэтынымкIэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIым 2011 гъэм мазаем и 28-м КъБР-м и Пэдджэм районым щыкIа Ульбашев Эдуард, 1978 гъэм кьалхуам, и уней льапсэр кьыщаным цеорн зэхэту гротил кIлограмм 25-рэ зи льэщагъ лагъым Iрыщ1у Iу кьыщагъуэтащ. Абыхэм нэмыщI унэм кьыщIахащ СКС фочыр, дзэм хэтхэм я фащэ, милицэ щыгъын, лагъым Iэрыщ1хэр щащIкIу кьагъэсэбэп пкъыгъэхэр, абыхэм хальхьэн папщIэ зэнагъэльэлъа гъущI арматур.

ЛАГЪЫМ Iэрыщ1хэр Iэщ1агъэлIхэм кьыщыщIахьым кьэуащ икIи унэр икьутащ. Гъунэгъу щыта унэхэмрэ псэуалъхэмрэ зэран яхуэхъуакъым, цIыхуи хэкIуэдакъым.

Оперативнэ штабым щIыхухэм лъэIукIэ захуэгъаз терроризм пэщIэтынымкIэ хабзэ щытыкIэ зэрагъэувам зэхэщIыкI яхэльу бгъэдыхьэну, сакъыну, хабзэхъэмэ Iэнатlэхэм я лэжьакIуэхэм ядэIэпыкъуну, террорым пэщIэтынымкIэ лэжьыгъэхэр езыгъэкIхэм пщIэхуащIыну, оперативнэ Iуэхум бгъэдэтхэм зэран яхуэмыхъуну, террорым пэщIэтынымкIэ лэжьыгъэхэр езыгъэкIуэкI къарухэм я штабым и лIыкIуэхэм кьаагъэувхэр текI имыIэу ягъэзащIэну.

Щэч фэзыгъэщI цIыхухэм, машинэхэм, хьэпшыпхэм ятеухуауэ мы телефонэмкIэ фыпсалъэ хьунущ:

- КъБР-м щыIэ МВД-м: 40-49-10, 49-50-62;
- УФ-м и МВД-м и Управленэ нэхъыщхьэу Кавказ Ищхьэрэ федральнэ округым щыIэм и «Э» центрым: 42-70-52;
- УФ-м и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэм: 48-16-02, 48-15-81;
- КъБР-м и Оперативнэ штабым: 48-16-37, 48-15-48.

КъБР-м и Оперативнэ штаб.

Хъунщ1акIуэхэр яубыд

Ди щIыналъэм щыщэу щIалитIым цIыхухэр ягъэшынэурэ ахъшэхуэ къызэрихьэрэ яубзыхури, Урысейм ШынагъэшнагъэмкIэ и федеральнэ къулыкъушIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэмрэ КъБР-м щыIэ МВД-м экстремизмым пэщIэтынымкIэ и центрымрэ я лэжьакIуэхэм ахэр ящыбыдащ.

НАЛШЫК щыпсэухэм ящыщ зым Урысейм ШынагъэшнагъэмкIэ и федеральнэ къулыкъушIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэм зыхуигъэзащI абы сом мелуани 6 яритын хуейуэ зыгъэрхэм кьызэрыхуагъэувым теухуауэ. Ар щызэхагъэкIым щIэпхъаджагъэ илэжьауэ щэч зыхуащIхэмрэ ягъэкъуаншэхэмрэ зэрыльгъым и Iуэхухэм» 1995 гъэм бадзэуэгъуэм и 15-м кьащта Федеральнэ закон №103-м и 15-нэ статьям, «Щэч зыхуащIхэмрэ ягъэкъуаншэхэмрэ пIалъэкIэ щIыгъ кьэрал кIуэцI Iужу хэмкIэ органэм я изолятор хэрэ зэрылэжьэну хабзэхэр гъэувыным теухуауэ» 2005 гъэм щэкIуэгъуэм и 22-м Урысейм и МВД-м кьыдигъэкIа приказ №950-м и 2-нэ, 3-нэ, 19-нэ пунктхэм, апхуэдизу 2006 гъэм гъатхэпэм и 7-м УФ-м Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ и министерствэм кьыдигъэкIа приказ №140-м щыгъу 10-нэ, 246-нэ пунктхэм къагъувхэр тэмэму ямыгъэзащIэу кьихутащ.

Къэпщытэныгъэр щрагъэкIуэкIым зи суд ящIауэ Прохладнэ къалэм и ОВД-м и ИВС-м щыгъуэ Б. тхьэмахуэ 20 и пэкIэ а Iуэхущ1апIэм уэндэгъу зэрыщыхьуар кьыщIагъэщащ. Ар щыхьэт тохьуэ зи гугъу тщIа пщалъэ-правовой актхэм щыубзыхуахэр ИВС-м и лэжьакIуэхэм зэрамытыгъэащIэм, кьапщтэмэ, я Iуэхущапlэм щыIэ цIыхухъухэмрэ цIыхубзхэмрэ хуиту зэрызэхуагъэзэм.

КъыщIагъэща ныкъуканыгъэхэм зэтехуауэ КъБР-м и прокуратурэм республикэм кьэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ и министерствэм и цIкlэ тхылъ игъэхьэзыращ.

НЕБОТОВЭ Ольг э.

● КъБР-м и прокуратурэм

Iуэхур зытетыр къыщапщытэм...

КъБР-м и прокуратурэм Прохладнэ кьалэм и ОВД-м и ИВС-м яубыдахэр зэрыщIалIыгъ, щэч зыхуащIхэмрэ ягъэкъуаншэхэмрэ щхьэхуэ зэрыщащI, зэрыщакIэлъыпIэ щIыкIэр кьыщипщытэм, «ЩIэпхъаджагъэ илэжьауэ щэч зыхуащIхэмрэ ягъэкъуаншэхэмрэ зэралIгъым и Iуэхухкlэ» 1995 гъэм бадзэуэгъуэм и 15-м кьащта Федеральнэ закон №103-м и 15-нэ статьям, «Щэч зыхуащIхэмрэ ягъэкъуаншэхэмрэ пIалъэкIэ щIыгъ къэрал кIуэцI Iужу хэмкIэ органэм я изолятор хэрэ зэрылэжьэну хабзэхэр гъэувыным теухуауэ» 2005 гъэм щэкIуэгъуэм и 22-м Урысейм и МВД-м кьыдигъэкIа приказ №950-м и 2-нэ, 3-нэ, 19-нэ пунктхэм, апхуэдизу 2006 гъэм гъатхэпэм и 7-м УФ-м Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ и министерствэм кьыдигъэкIа приказ №140-м щыгъу 10-нэ, 246-нэ пунктхэм къагъувхэр тэмэму ямыгъэзащIэу кьихутащ.

Къэпщытэныгъэр щрагъэкIуэкIым зи суд ящIауэ Прохладнэ къалэм и ОВД-м и ИВС-м щыгъуэ Б. тхьэмахуэ 20 и пэкIэ а Iуэхущ1апIэм уэндэгъу зэрыщыхьуар кьыщIагъэщащ. Ар щыхьэт тохьуэ зи гугъу тщIа пщалъэ-правовой актхэм щыубзыхуахэр ИВС-м и лэжьакIуэхэм зэрамытыгъэащIэм, кьапщтэмэ, я Iуэхущапlэм щыIэ цIыхухъухэмрэ цIыхубзхэмрэ хуиту зэрызэхуагъэзэм.

КъыщIагъэща ныкъуканыгъэхэм зэтехуауэ КъБР-м и прокуратурэм республикэм кьэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ и министерствэм и цIкlэ тхылъ игъэхьэзыращ.

НЕБОТОВЭ Ольг э.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Наркотикэм ятпэщIэтынымкIэ и комиссэм, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым 2007 гъэм щэкIуэгъуэм и 16-м кыдигъэкIа Указ №85-УП-мкIэ кыщIам, зэхъуэжIныгъэхэр хэлъхьным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Наркотикэм ятпэщIэтынымкIэ и комиссэм, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Наркотикэм ятпэщIэтынымкIэ и комиссэм теухуауэ» 2007 гъэм щэкIуэгъуэм и 16-м кыдигъэкIа Указ №85-УП-мкIэ кыщIам, мы кыкIэлыкIуэ зэхъуэкIныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Комиссэм хэгъэхьэн мы кыкIэлыкIуэхэр:

Амшокъуэ Ф. Къ. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм ухыншагъэр хъумэнымкIэ и министр

Васильев С. В. - къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министру Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэр *(эгъуэрыIуау)*

Кменный С. Л. - Урысей Федерацэм Шынагъэшнагъэмкlэ и федеральнэ къулыкъушIапIэм и Управленэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр *(эгъуэрыIуау)*

КIуэкIуэ М. В.- Тенирхэр егъэшIынымкIэ федеральнэ къулыкъушIапIэм и Управленэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр *(эгъуэрыIуау);*

б) Бесчокъуэ А. Ш. и кыулыкъым зэредэжр мы кыкIэлыкIэм хуэдэу кхъыдж: «Федеральнэ таможнэ къулыкъушIапIэм и Кавказ Ищхьэрэ таможнэ управленэм и Минеральнэ водскэ таможнэм и Къэбэрдей-Балькъэр таможнэ ЕнатIэм и унафэщIыр»;

в) Вербицкий А. И. и къулыкъым зэредэжр мы кыкIэлыкIуэм хуэдэу кхъыдж: «Урысей Федерацэм и Транспортнадзор щыIэм и унафэщIыр *(эгъуэрыIуау)*

г) Жамборэ В. С. и кулыкъым зэредэжр мы кыкIэлыкIуэм хуэдэу кхъыдж: «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и Унафэщlыр»;

д) Пащты Б. С. и кулыкъым зэредэжр мы кыкIэлыкIуэм хуэдэу кхъыдж: «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щIалэгъуалэм я Iуэхухэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлIэжьныкIэ и министрыр»;

е) Устэ В. Хь. и кулыкъым зэредэжр мы кыкIэлыкIуэм хуэдэу кхъыдж: «Урысей Федерацэм Следственнэ комитетым Следственкlэ и управленэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр *(эгъуэрыIуау);*

ж) Комиссэм кыхэгъэкIыжын Бицу В. Г., Сердюк В. А., Томчак Ю. И. сымэ.

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2011 гъэм щIышIулэм и 25-м
№22-УП

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Электроэнергетикэм зыщегъэжьыныкIэ зэзыгъэIу советым, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым 2007 гъэм бадзэуэгъуэм и 16-м кыдигъэкIа Указ №46-УП-мкIэ кыщIам, зэхъуэжIныгъэхэр хэлъхьным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Электроэнергетикэм зыщегъэжьыныкIэ зэзыгъэIу советым, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Электроэнергетикэм зыщегъэжьыныкIэ зэзыгъэIу советым теухуауэ» 2007 гъэм бадзэуэгъуэм и 16-м кыдигъэкIа Указ №46-УП-мкIэ кыщIам, мы кыкIэлыкIуэ зэхъуэкIныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Советым хэгъэхьэн мы кыкIэлыкIэхэр:

Гончаров А. А. - «Кавказ Ищхьэрэм электрокъарур тезыгъашэ и щIыналъэ зэхуаку сетевой компание» акционер обществэ зэIуахам техникмкIэ и директорыр *(эгъуэрыIуау)*

Дзхъушокъуэ А. И. - «Къэббалъкъэнергэ» акционер обществэ зэIуахам и управляющэ унафэщIыр *(эгъуэрыIуау)*

Къэр А. М. - «Телемеханика» акционер обществэ зэIуахам и генеральнэ директорыр *(эгъуэрыIуау)*

Камарзаев Э. А. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Тарифхэмкlэ и къэрал комитетым гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексым и предприятэхэм я лэжьыгъэ зэгъэуIунымрэ энергиер къыдэгъэхуэнымкIэ и къудамэм и унафэщIыр

Къэрэн Л. Хь. - Экологие, технологие, атомкIэ лIыплIыныгъэмкIэ федеральнэ къулыкъушIапIэм и Кавказ Курыт управленэм и унафэщIым и къудамэм и кьалнэжь зыгъэзащIэр *(эгъуэрыIуау)*

Къультырбей Хь. М. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм ухэуныгъэмкIэ, архитектурэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министрыр

Отаров Къ. М. - «Гидроэнергие къэзылэжь федеральнэ компание» акционер обществэ зэIуахам и « Къэбэрдей-Балькъэр Iуэхущ1апI9» къудамэм и унафэщIыр *(эгъуэрыIуау)*

Соттаев А. А. - «Гидроэнергие къэзылэжь федеральнэ компание» акционер обществэ зэIуахам Кавказ Ищхьэрэм и и управленэм и унафэщIым и къудамэм и чэнджэщагъэр *(эгъуэрыIуау);*

б) Тонконог А. Ю. и къулыкъым зэредэжр мы кыкIэлыкIуэм хуэдэу кхъыдж: «Налшык къалэ электросеть компание» акционер обществэ зэIуахам и инженер нэхъыщхьэр *(эгъуэрыIуау)»;*

в) Хъэгъэс З. А. и кулыкъым зэредэжр мы кыкIэлыкIуэм хуэдэу кхъыдж: «Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэр *(эгъуэрыIуау)»;*

г) Советым и секретарым и кьалнэжр и пщэ ильхьэн Уэлджыр Ж. Хь. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Тарифхэмкlэ и къэрал комитетым и унафэщIым;

д) Советым кыхэгъэкIыжын Абрэдж А. Хь., Горевэ Е. И., Редькиндэ Е. Л. сымэ.

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2011 гъэм щIышIулэм и 25-м
№22-УП

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2011 гъэм мазаем и 24-м *№64-рп*

«Урысей Федерацэм и щIыхухэм зэрызыкьыхуагъаз эхэм зэрыхэплъэ щIыкIэм и Iуэхукlэ» 2006 гъэм накъыгъэм и 2-м кьащта Федеральнэ закон №59-ФЗ-м **ипкъ иткIэ:**

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм хэтхэмрэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органэм я унафэщIхэмрэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентымрэ Правительствэм щIыхуэхэм зэрызыкьыхуагъаз эхэм елэжьынымкIэ я Iуэхущ1апIэм 2011 гъэм и яп илъэс ныкъуэм щIыхуэхэм зэрыщыIущIэнум и график (адэкIэ - Графикщ) кьэщтэн мы унафэм и гуэдэным эзритым хуэзыр.

2. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентымрэ Правительствэмрэ щIыхуэхэм зэрызыкьыхуагъаз эм елэжьынымкIэ я Iуэхущ1апIэм и унафэщI Щоджэн Шл. Хь. хуэгъэувын Графикыр эрагъэзэщIам теухуа отчетыр 2011 гъэм мэкъуауэгъуэм и 15-м фIэмыкIыу кьыхилъхьну.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 МЕРКУЛОВ Александр

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм 2011 гъэм мазаем и 24-м кьыдигъэкIа Унафэ №64-рп-мкIэ кьыщIащ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм хэтхэмрэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органэм я унафэщIхэмрэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентымрэ Правительствэмрэ щIыхуэхэм зэрызыкьыхуагъаз эхэм елэжьынымкIэ я Iуэхущ1апIэм 2011 гъэм и яп илъэс ныкъуэм щIыхуэхэм зэрызыкьыхуагъаз эхэм елэжьынымкIэ и График

1.	Абрэдж Iэдиб Хьэсэнбий и кьуэр	Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и яп кьуэдзэр	Гъатхэпэм и 2-м
2.	Гертер Иван

● ДифI догъэлъапIэ

Бэм я гупсысэр зыузэщI цIыху щыпкъэ

Журналист цIэрыIуэ, тхакIуэ Iэзэ БжэныкIэ Мухьэб и ныбжьыр илъэс 70 ирикъуащ

БЖЭНЫКIЭ Мухьэб:

